



Pataj **egalego**,
pataj **total** !

Egalite
ant fanm
ak gason
Québec

Québec 

Pataj **egalego**,
pataj **total !**

Egalite
ant fanm
ak gason
Québec

TÈT CHAPIT

YON RALE SOU LISTWA _____	7
Pou plis enfòmasyon _____	12
EGALITE NAN EDIKASYON _____	14
Yon lekòl pou tout moun _____	15
Yon lekòl piblik ki pa yon lekòl relijyon _____	15
Edikasyon ak chans pou moun jwenn travay _____	15
Pwofesè yo : yo se konpayon, yo se moun pa _____	16
Liv lekòl yo pa seksis e yo reprezante divès gwoup moun _____	16
Pwofesyon ak chans pou travay san diskriminasyon ! _____	17
Pou plis enfòmasyon _____	18
EGALITE NAN KOUP AK NAN FANMI _____	20
Lavi an koup _____	21
Maryaj _____	21
Inyon sivil _____	22
Rejim maryaj la _____	23
Inyon lib _____	24
Lavi an fanmi _____	25
Residans fanmi an _____	26
Separasyon _____	27
Medyason ant lafanmi an : fè yon bon chwa _____	27
Moun ki anchaj timoun yo _____	29
Pansyon alimantè pou timoun _____	29
Obligasyon pansyon alimantè pou youn ou lòt nan konpay yo _____	29
Pou plis enfòmasyon _____	30

EGALITE NAN TRAVAY AK NAN BIZNIS _____	32
Salè : trete tout moun menm jan san paspouki _____	33
Kondisyon nan travay : ki minimòm yo egzije _____	34
Kote n ap travay la : entegrite ak respè _____	34
Amoni ant travay ak fanmi : yon « estati espesyal » pou paran yo _____	36
Sèvis gadri _____	36
Konje yo _____	37
Québec bezwen fanm antreprenè ! _____	38
Pou plis enfòmasyon _____	39
EGALITE NAN SÈVIS SANTE _____	43
Ki dwa fondamantal yo rekonèt ? _____	44
« Viray nan sosyete a » _____	46
Planin nesans ak avòtman _____	47
Pou plis enfòmasyon _____	47
EGALITE POU SEKIRITE AK ENTEGRITE MOUN _____	49
Vyolans konjigal _____	50
Agresyon seksyèl _____	52
Pou plis enfòmasyon _____	54
PATISIPASYON NAN LAVI PIBLIK _____	56
Baz demokrasi : vòt _____	57
Angajman _____	57
Patisipasyon kominotè _____	58
Libète lapawòl _____	58
Pou plis enfòmasyon _____	58
KONTINYE VANSE SOU CHEMEN EGALITE _____	60
ANÈKS _____	62

Gid sa a se Sekretarya sitiyasyon fanm (Secrétariat à la condition féminine) ki prepare li nan tèt kole ak ministè sila a yo :

- × Ministè Edikasyon, Lwazi ak Espò
(Ministère de l'Éducation, du Loisir et du Sport)
- × Ministè Anplwa ak Solidarite sosyal
(Ministère de l'Emploi et de la Solidarité sociale)
- × Ministè Lafanmi
(Ministère de la Famille)
- × Ministè Imigrasyon ak Kominote kiltirèl (Ministère de l'Immigration et des Communautés culturelles)
- × Ministè Jistis (Ministère de la Justice)
- × Ministè Sante ak Sèvis sosyal
(Ministère de la Santé et des Services sociaux)
- × Ministè Sekirite piblik
(Ministère de la Sécurité publique)
- × Ministè pou Travay (Ministère du Travail)
- × Ministè Finans ak Ekonomi
(Ministère des Finances et de l'Économie)

Sekretarya sitiyasyon fanm (Secrétariat à la condition féminine) nan di tout moun li pral nonmen yo mèsi anpil pou bonjan kontribisyon yo :

- × Mesye Hassan Hassani, Tab konsètasyon òganis ki pou sèvis refijye ak imigran yo
(Table de concertation des organismes au service des personnes réfugiées et immigrantes)
- × Madanm Yasmina Chouakri, Federasyon fanm nan Québec yo (Fédération des femmes du Québec)
- × Madanm May Chiu, Federasyon fanm nan Québec yo (Fédération des femmes du Québec)
- × Madanm Jo-Ann Laporte, La Maisonnée
- × Mesye Stéphane De Bussher, L'Hirondelle
- × Mesye Yann Hairaud, AMPE-CITI
- × Madanm Anne-Marie Rodrigues, Sant pou aksyon sosyo-kominotè Montréal
(Centre d'action socio-communautaire de Montréal)
- × Madanm Isabelle Goupil, Sant pou fanm Montréal yo
(Centre des femmes de Montréal)
- × Madanm Maude Briancourt, Sant pou fanm Montréal yo
(Centre des femmes de Montréal)
- × Madanm Martine Simard, CARI St-Laurent
- × Madanm Jacinthe Voyer, Akèy parenaj Outaouais
(Accueil parrainage Outaouais)
- × Madanm Louise Carrier, Sèvis èd pou Nouvo Kanadyen yo (Service d'aide aux Néo-Canadiens)
- × Madanm Liliana Hernandez, Sant pou tout gwoup etnik Québec (Centre multiethnique de Québec)

AVÈTISMAN

Dokiman sa a bay enfòmasyon sou divès kesyon jiridik yon fason senp, yon fason pou nouèl kout pran lari. Si nou bezwen plis presizyon sou koze nou abòde yo, li enpòtan pou n al gade dispozisyon lejislatif ak regleman ki aplikab yo nan tèks orijinal la dirèkteman.

Premye edisyon :

Direction des relations publiques
Ministère de la Culture, des Communications
et de la Condition féminine

Reyedisyon :

Secrétariat à la condition féminine

Tradiksyon :

Services d'édition Guy Connolly

Konsepsyon grafik :

Paquin design

Pou w jwenn yon kopi :

Secrétariat à la condition féminine
905, avenue Honoré-Mercier, 3^e étage
Québec (Québec) G1R 5M6
Téléfòn : 418 643-9052
Faks : 418 643-4991
Imel : scf@scf.gouv.qc.ca

Dokiman sa a disponib nan nèf lang (fòm PDF) nan seksyon Piblikasyon sit Wèb Sekretarya sitiyasyon fanm (www.scf.gouv.qc.ca).

Dépósito legal — 2009

Bibliothèque et Archives nationales du Québec
Bibliothèque et Archives Canada

ISBN : 978-2-550-71084-4 (vèsyon PDF)

© Gouvernement du Québec



YON RALE SOU LISTWA

O Québec menm jan ak tout lòt kote ann Oksidan, sa ki te make syèk pase a se batay pou egalite ant fanm ak gason.

Se vre an 1918, Palman Otawa a te bay Kanadyèn yo dwa pou yo vote nan eleksyon federal, men nan Québec la, yo te toujou konsidere madanm marye tankou timoun devan lalwa.

Idola Saint-Jean (1880-1945) ak Thérèse Casgrain (1896-1981), de fanm ki te alatèt mouvman pou tout moun gen dwa vote e ki te anfavè jistis sosyal, te multipliyè mach ak kanpay pou yo ka rekonèt tout fanm kòm moun, menm jan ak tout moun. Malgre moun te pase yo nan rizib, malgre gwo opozisyon kouch ki pi konsèvatè nan sosyete a, jefò yo te reyisi lè gouvènman Québec la te bay Kebekwaz yo dwa pou yo vote an jen 1940.

Pou koze egalite, se sitou nan ane 1960 ak 1970 detèminasyon militan yo rekonpanse. Paregzanp, Palman federal la adopte lwa sou divòs an 1968. O Québec anvan dat sa a, maryaj se yon bagay ki prèske pa t ka defèt. Se an 1971, fanm yo vin gen dwa pou yo sèvi kòm manm jiri.

Yo te franchi yon lòt pa an 1975, lè Québec te adopte Charte dwa ak libète moun (Charte des droits et libertés de la personne). Se premye fwa sa te fèt : lwa sa a ofisyèlman entèdi tout fòm diskriminasyon, menm diskriminasyon ki chita sou diferans ant fanm ak gason. O Canada, yo antre Charte dwa ak libète a (Charte des droits et libertés) nan konstitisyon an, an 1982. O Québec ak o Canada, se lwa yo rele Charte yo ki pi wo pase tout lòt lwa.

Gen de òganis enpòtan ki vin kore estrikti leta nan menm epòk la o Québec, se : Konsèy sou estatè fanm (Conseil du statut de la femme, CSF) ak Sekretarya sitiyaasyon fanm (Secrétariat à la condition féminine, SCF). Yo te kreye CSF an 1973. Se yon òganis gouvènman an ki la pou konsiltasyon ak rechèch. Li angaje nan pwomosyon, nan defann dwa ak enterè tout Kebekwaz. Yo te kreye Sekretarya sitiyaasyon fanm (Secrétariat à la condition féminine) an 1979 pou li ka ede epi konseye minis ki alatèt Sitiyaasyon fanm nan.

Youn nan avi CSF te bay, sa pa gen lontan, te mennen tout Asanble nasyonal la vote anfavè yon lwa pou yo modifye Charte dwa ak libète moun Québec (Charte des droits et libertés de la personne du Québec) la dekwa pou yo repete prensip fondamantal egalite ant fanm ak gason. An plis mesaj klè lwa tou nèt sa a voye bay tout sosyete a, li fè tout tribinal sonje enpòtans egalite ant fanm ak gason genyen.

Anpil pwogrè nan koze lwa te make ane 1980 yo. Gen plizyè nan lwa sa yo ki konsakre prensip egalite ant fanm ak gason epi ki pwoteje prensip sa yo tou. Yo evalye pratik tradisyonèl yo, yo tabli pwogram epi yo mete dispozisyon sou pye pou korije reta yo.

An 1981, gason ak fanm vin egal nan maryaj. Sa konfime dwa tout fanm genyen pou yo konsève siyati yo epi pou yo transmèt li bay pitit yo. An 1989, modifikasyon nan kòd sivil la kreye nosyon patrimwàn lafanmi an ki vin favorize egalite ekonomik ant mari ak madanm lè yo divòse.

Adopsyon Lwa sou salè san paspouki (Loi sur l'équité salariale) la an 1996, se desizyon ki pral gen plis enpak sou sitiyasyon ekonomik fanm yo paske li tabli prensip yon salè egal pou yon menm travay.

Kidonk, ofiramezi ane yo ap pase, Québec pase men nan lwa li yo pou li ka konsidere evolisyon sosyete a. Men pou gen egalite, sa pa sifi pou yo mete nouvo dispozisyon ak nouvo prensip nan lwa yo. Fòk yo veye pou lwa yo, politik yo ak pwogram yo fèt dapre yon reyalite ki pa menm ni pou fanm ni pou gason.

Politik gouvènmantal la rele *Pour que l'égalité de droit devienne une égalité de fait*, li gen plizyè objektif ki regwoupe an sis gran oryantasyon, sa konfime volonte gouvènman Québec la pou li atake baryè ki anpeche egalite ant fanm ak gason an reyalize toutbon vre.

Yon premye plan daksyon ki soti nan politik sa a te rive kreye nan lane 2007 pou rive 2011, se travay 15 ministè ak òganis yo nan gouvènman.

Yon dezyèm plan daksyon gouvènmantal pou egalite ant fanm ak gason deja an aplikasyon pou peryòd 2011-2015 la. Kounye a, se 26 ministè ak òganis nan gouvènman an ki reponsab pou mete kanpe 102 aksyon ki gen pou wè ak 7 oryantasyon plan daksyon sila a.

Konba pou jistis sosyal la pako fini, menm si kontribisyon sosyete kebekwaz la nan koze egalite ant sèks yo jwenn rekonesans nan men kominote entènasyonal la akòz konesans li nan koze a ansanm ak tout bon jan valè li yo.

Ann di tou, aksyon Québec pou li fè pwomosyon epi reyalize egalite a soti prensipalman nan de dokiman sous : Pwogram aksyon Beijing an ak Konvansyon pou kaba tout fòm diskriminasyon kont fanm (Convention sur l'élimination de toutes les formes de discrimination à l'égard des femmes) (CEDEF). Se Asanble jeneral Nasyonzini an ki te adopte CEDEF, se konvansyon entènasyonal ki pi konplè sou egalite ant fanm ak gason.

« Pou devlopman yon peyi fèt nèt, pou tout moun vin alèz, epi pou gen lapè, sa mande pou, menm jan ak gason, fanm patisipe nan tout domèn nètale » (Konvansyon pou kaba tout fòm diskriminasyon kont fanm).

Dokiman enfòmasyon sa a antre nan politik gouvènman an pou egalite ant fanm ak gason. Li la pou tout Kebekwaz e pou tout Kebekwa. L ap enterese tout moun ki vle konnen kouman egalite a aplike, an pratik, nan divès domèn ak sektè aktivite, sitou nan :

- edikasyon ;
- lavi an koup e lafanmi ;
- travay ak biznis ;
- lasante ;
- sekirite ak entegrite moun ;
- patisipasyon nan lavi piblik.

EGALITE E CHARTE YO

Nan ansanm lwa k ap gouvènen Québec la, tout baz prensip egalite ant sèks yo chita nan Charte dwa ak libète moun (Charte des droits et libertés de la personne). Met sou sa, gen plizyè lòt regleman lalwa nan divès sektè ki rekonèt egalite ant gason ak fanm epi ki fè pwomosyon pou sa. Nan lwa sa yo gen Lwa sou salè san paspouki (Loi sur l'équité salariale), Lwa sou aksè egalego pou travay nan òganis piblik yo (Loi sur l'accès à l'égalité en emploi dans des organismes publics) ak Lwa sou jan pou sosyete leta yo gouvènen (Loi sur la gouvernance des sociétés d'État) ki modifye divès dispozisyon lejislatif.

- Atik 10 Charte la rekonèt tout moun gen dwa pou yo rekonèt dwa yo ak libète yo epi pou yo ka egzèse dwa ak libète sa yo san diskriminasyon oubyen diferans ki chita sou ras, koulè, sèks, gwosès, oryantasyon seksyèl, eta sivil, laj, relijyon, konviksyon politik, lang, orijin etnik oubyen nasyonal, kondisyon sosyal, enfimite oubyen itilizasyon yon mwayen pou diminye enfimite a.
- Atik 50.1 Charte la garanti tout dwa ak libète fanm yo menm jan ak dwa e libète gason yo.

Charte kanadyen dwa ak libète (Charte canadienne des droits et libertés) a ki anndan Konstitisyon kanadyen (Constitution canadienne) an prevwa kèk dispozisyon tou pou garanti dwa pou tout moun egalego, sitou ant fanm ak gason.

- Atik 15 lan di tout moun gen dwa resevwa menm pwoteksyon an epi yo gen menm avantaj devan lalwa san okenn diskriminasyon, sitou sou konsiderasyon ras, orijin nasyonal oubyen etnik, sou zafè koulè, relijyon, sèks, laj ak pwoblèm mantal oubyen fizik.
- Atik 28 la, san konte tout lòt dispozisyon yo, prevwa dwa ak libète ki enskri ladan l yo garanti tou pou tou de sèks yo.

Sonje : se Charte yo ki klase pi wo pami tout lòt tèks lwa ki legal yo.

Pou plis enfòmasyon

Charte dwa ak libète moun (Charte des droits et libertés de la personne) :

www2.publicationsduquebec.gouv.qc.ca/dynamicSearch/telecharge.php?type=2&file=/C_12/C12.HTM.

Politik gouvènman an pou egalite ant fanm ak gason, *Pour que l'égalité de droit devienne une égalité de fait* :

www.scf.gouv.qc.ca/fileadmin/publications/politique_fr.pdf.

Plan daksyon gouvènman an pou egalite ant fanm ak gason 2011-2015 :

www.scf.gouv.qc.ca/fileadmin/publications/politique/Plan_d_action_complet_2011-06-13.pdf.

Konsèy estati fanm (Conseil du statut de la femme), *La constante progression des femmes*, edisyon 2011 :

www.csf.gouv.qc.ca/modules/fichierspublications/fichier-35-1400.pdf.



EGALITE NAN EDIKASYON

Lekòl vle bay tout moun menm chans lan. Sa se youn nan kondisyon ki pou ede tabli yon sosyete kote tout moun egalego. Nou p ap janm bouke repete sa : si nou vle pou timoun nou yo viv nan egalite, fòk nou bay etid yo valè epi fòk nou ankouraje lit kont koze timoun kite lekòl la.

Yon lekòl pou tout moun

Ti fi ak ti gason, youn ak lòt frekante nan sal klas, yo tout resevwa menm tretman nan lekòl la menm jan, san pyès distenksyon. Yo tout gen menm posiblite yo, epi yo dwe respekte menm egzijans yo. Lekòl se yon kote ideyal pou pete blad tout vye lide tou fèt an rapò ak seks e pou fè pwomosyon rapò egalite yo. Egalite chans ak egalite ant sèks se baz sistèm edikasyon nou an.

Yon lekòl piblik ki pa yon lekòl relijyon

Lekòl piblik kebekwa se yon lekòl ki akeyi tout moun, li demokratik, pòt li lajman laj. Li pa favorize relijyon. Kidonk, se devwa paran elèv k ap frekante lekòl sa yo pou yo transmèt pwòp prensip relijyon pa yo bay pitit yo.

Edikasyon ak chans pou moun jwenn travay

Lekòl se pi bon chans pitit ou genyen pou li gen yon bon avni. Se menm bagay pou fanm ak pou gason.

Met sou sa : ni fanm, ni gason, yo tout ka resevwa menm kalite fòmasyon ki va prepare yo pou mache travay la : fòmasyon pwofesyonèl, fòmasyon teknik e fòmasyon pou inivèsite.



Pwofesè yo : yo se konpayon, yo se moun pa

Nan lekòl, tout manm pèsònèl la, men anseyan yo an patikilye aprann elèv yo enpòtans pou youn respekte lòt, sitou nan relasyon zanmi ak nan relasyon mennaj, kit se lekòl kit se nan sosyete a. Epitou, yo ka fè yo konprann nesosite pou yo negosye lè gen konfli nan relasyon an, dekwa pou evite tout chans pou ta gen vyolans sou kèlkanswa fòm nan.

Lè manm pèsònèl lekòl la bezwen pale ak paran yo, yo kominike ni ak papa ni ak manman elèv la nan respè egalite ant sèks yo.

Liv lekòl yo pa seksis e yo reprezante divès gwoup moun

Sistèm edikasyon Québec la kontinye fè pwomosyon pou egalite ant sèks yo ansanm ak divèsite a.

- Gason ak fi resevwa yon edikasyon san patipri, ki pa gen lide tou fèt sou koze sèks e ki vize pwomosyon rapò egalite yo.
- Liv lekòl yo montre imaj yon sosyete ki pratike egalite ansanm ak yon divèsite kebekwaz kote kominote etnokiltirèl yo byen reprezante.

« Eta ki siyen yo, pran tout dispozisyon ki nesese pou yo modifye chema ak modèl konpòtman sosyokiltirèl gason ak fanm dekwa pou yo ka rive elimine tout prejije... ki chita sou konsèp enferyorite oubyen siperyorite youn ou lòt sèks yo, oswa yon wòl ki ta fèt pou gason oubyen pou fanm » (atik 5a, Konvansyon pou kaba tout fòm diskriminasyon kont fanm).

Pwofesyon ak chans pou travay san diskriminasyon !

Prejije, lide tou fèt, kad travay konsèvatè : gen anpil baryè pou anpeche gason ak fanm aprann metye ki dapre tradisyon se metye ki pou fanm oubyen pou gason. Men tan yo ap chanje. Paregzanp nan inivèsite, kantite etidyan fi ki enskri pou metye ki te konn rezève pou gason tankou lamedsin, pwofesyon dantis ak dwa ap ogmante.

- Pwogram gouvènman an yo ofri pou ankouraje fanm yo antre plis nan metye kote se sèlman gason ki te konn pratike yo anvan.
- Menm jan an tou, gen plizyè metye fi te konn fè an jeneral tankou edikasyon, sèvis sante, swen moun, y ap chèche gason pou fè yo. Moun ki chwazi metye sa yo, ogmante chans pou yo travay vit, epitou yo tou gen garanti y ap gen sekirite ekonomik ansanm ak anpil chans pou fè karyè yo. An menm tan, sa ap fè ti gason ak ti fi gen plis modèl diferan pou yo suiv.

Lekòl, lafanmi ak lasosyete vize menm objektif la : depase prejije ak lide tou fèt pou yo kapab ankouraje jèn yo pi byen pou yo ka kenbe fò nan etid yo epi reyalize yo nan metye oubyen pwofesyon yo va chwazi a.

Pou plis enfòmasyon

Edikasyon an jeneral ak sistèm lekòl la :
www.mels.gouv.qc.ca/accueil.

Fòmasyon pwofesyonèl ak teknik :
www.mels.gouv.qc.ca/accueil.

Fòmasyon nan kolèj :
www.mesrst.gouv.qc.ca/colleges.
Tyeke Cegep ki nan zòn ou an tou.

Fòmasyon nan inivèsite :
www.mesrst.gouv.qc.ca/universites.
Tyeke nenpòt inivèsite w vle.





EGALITE NAN KOU P AK NAN FANMI

Fonde yon fanmi se yon desizyon enpòtan. Se menm bagay la lè de moun deside fè vi yo ansanm. Gason oubyen fanm k ap viv ansanm — menm sèks oubyen sèks opoze —, nou egalego devan lalwa epitou nou gen menm obligasyon youn anvè lòt e anvè pitit nou.

Lavi an koup

Nou deside viv an koup. Nou gen chwa ant twa fòm inyon : maryaj, inyon sivil oubyen inyon lib.

Maryaj

- Maryaj chita sou konsantman lib de moun ki byen enfòm e ki gen 16 lane pou pi piti. Jèn ki poko gen 18 lane bezwen konsantman paran yo oubyen responsab legal yo pou yo ka marye.
- Ou ka chwazi maryaj sivil oubyen ou ka chwazi maryaj ki selebre nan legliz. Toulede se menm devan lalwa.
- Si w marye legal aletranje, y ap rekonèt maryaj ou a, men w ap sou lwa Québec menm jan ak moun ki marye isit.
- Maryaj pa fini lè moun yo p ap viv ansanm ankò. Lè de moun te marye, se sèl yon jijman pwononse nan tribinal ki kapab mete fen nan maryaj la, menmsi moun yo fè yon demann divòs ansanm (divòs amikal).

KLIP : Kòd sivil la prevwa madanm marye a ap konsève siyati jenn fi li e l ap sèvi ak siyati sa a pou li egzèse dwa sivil li yo. Men, tout moun lib pou yo prezante yo nan lasosyete ak non konpay yo oubyen tou pou yo ajoute siyati l dèyè siyati pa yo. Pratik sa a prèske pa egziste ankò nan Québec la.

Inyon sivil

- Si w chwazi inyon sivil, ou gen menm dwa ak menm devwa avèk moun ki marye. Inyon sivil bay moun ki gen 18 lane oubyen plis, moun menm sèks yo oubyen sèks opoze yo dwa pou yo ini yo. Konpay yo pa dwe nan okenn lòt inyon ki te la deja, kit se te yon inyon sivil, kit se te yon maryaj.
- Menm jan pou maryaj la, ou ka chwazi ant yon seremoni legliz oubyen yon selebrasyon sivil.
- Menm jan an tou, Québec rekonèt inyon w lan depi inyon sa a respekte lwa peyi kote li te fèt la.
- Inyon sivil la ka anile ak desizyon yon tribinal oubyen ak yon senp deklarasyon devan yon notè depi gen yon antant ki te deja fèt sou konsekans separasyon an ki ta montre enterè pitit de moun yo ta fè ansanm pa menase.

KLIP : Inyon sivil ant moun menm sèks legalize depi 2002. Maryaj ant moun menm sèks legalize depi 2004.



MENM DWA, MENM OBLIGASYON

Ni maryaj, ni inyon sivil la gen menm efè. Paregzanp, nan toulede ka yo, konpay yo :

- dwe gen respè youn pou lòt, rete fidèl. Youn dwe ede lòt ;
- pran direksyon moral ak materyèl fanmi an ;
- egzès otorite yo kòm paran ansanm, fè tout travay sa mande, tankou bay manje, pran swen ak edike timoun yo ;
- chwazi ansanm kay kote fanmi an pral abite ;
- kontribye nan depans fanmi an selon kapasite yo chak ;
- pran responsablite dèt pou bezwen fanmi an ansanm eksepte si yo ta pran yon lòt desizyon ;
- fòme patrimwàn pou fanmi an ak byen yo.

Rejim maryaj la

Sou ki rejim maryaj ou ta swete yo administre byen w ?
Kòd sivil la pwopoze twa rejim : la société d'acquêts, la séparation des biens, la communauté des biens.
Yo aplike société d'acquêts a otomatikman si nou pa siyen yon kontra.

Kèlkeswa rejim ou chwazi a, règ pou pataj patrimwàn fanmi an ap toujou gen priyorite si ta gen yon separasyon oubyen lanmò. Apre sa, règ nan rejim maryaj la ap aplike.

PATRIMWÀN FANMI AN

Maryaj ak inyon sivil fè vin gen yon « patrimwàn fanmi an ». Kisa ki nan patrimwàn fanmi an ? Prensipal byen ki ladan se : kay prensipal kote fanmi an abite, kay oswa tout lòt kay segondè yo, mèb ki nan kay la oubyen nan kay yo, machin oubyen tout machin fanmi an itilize, byen oswa lajan yo sanble nan rejim retrèt yo pandan maryaj la oubyen inyon sivil la. Lè gen separasyon, chak konpay gen mwatye nan patrimwàn fanmi an apre yo fin wete kèk dèt yo te fè, plis valè byen yo chak te genyen anvan yo te ini yo.

Regleman patrimwàn fanmi an se pou tout koup menmsi se aletranje yo te kontrakte inyon an. Objektif la se pou yo favorize egalite ak sekirite ekonomik tou de konpay yo sizanka yo ta divòse.

Inyon lib

- Ou deside pou ou viv ansanm san ou pa marye oubyen san ou pa siyen papyè pou sa ? Ebyen w ap viv nan inyon lib.
- O Québec sou chak twa moun, gen youn ki chwazi fòm inyon sa a.
- Moun ki nan inyon lib pa jwi menm pwoteksyon ak moun marye oubyen moun ki nan inyon sivil, menm si y ap viv ansanm depi lontan. Paregzanp yo pa nan pataj patrimwàn fanmi an, ni yo pa gen antre yo obligasyon pou pansyon alimantè.
- Gen kèk lwa sosyal oubyen lwa sou enpo ki konsidere inyon lib tankou maryaj oubyen inyon sivil. Lè konsa yo prevwa kritè tankou valè tan yo viv ansanm oubyen si gen yon pitit ki fèt pandan yo ansanm nan. Lwa sa yo kouvri divès domèn tankou : peye enpo, sipò pou revni, aksidan travay, èd jiridik, eksetera.
- Pou yo ka bay chak konpay yon sekirite ekonomik ki pi laj, yo konseye yo pase yon kontra lavi ansanm epi pou yo achte byen yo ansanm pou yo tou de ka pwopriyetè.



Lavi an fanmi

Se ansanm pou yo egzèse otorite paran ak responsablite fanmi an.

- Otorite paran an mete oumenm ak konpay ou sou menm pye egalite devan timoun nou gen ansanm yo.
- Sosyete Kebekwaz la favorize yon pataj egalego tout responsablite konpay yo genyen an favè pitit yo, kèlkeswa fòm inyon yo a. Kounye a, kantite papa ki pran konje patènite lè pitit yo fèt ap ogmante ofiramezi.
- Responsablite fanmi an vle di pataje travay nan kay la : fè menaj, fè manje, eksetera. Fòk nan pataj sa a, chak moun yo fè posib yo pou yo egalego, sitou paske nan anpil ka, toulede moun yo ap travay.

KLIP : O Québec, an 2012, 78 %* nouvo papa yo pran yon kon je pou nesans pitit yo.

* Sou kantite total nesans yo konte nan demann prestasyon Rejim kebekwa asirans pou paran (Régime québécois d'assurance parentale) (76 775). (Sous : Konsèy jesyon asirans pou paran (Conseil de gestion de l'assurance parentale), Estatistik ofisyèl sou benefisyè Rejim kebekwa asirans pou paran (Statistiques officielles sur les prestataires du Régime québécois d'assurance parentale), desanm 2012).

« ... wòl tradisyonèl gason jwe nan fanmi an ak nan sosyete a dwe evolye pandan wòl fanm yo ap evolye tou si nou vle egalite toutbon ant gason ak fi » (Premye pawòl, Konvansyon pou kaba tout diskriminasyon kont fanm) (Convention sur l'élimination de toutes les formes de discrimination à l'égard des femmes).

KLIP : Lè yon timoun fèt Québec, li resevwa youn oubyen plizyè non papa l ak manman l chwazi pou li plis yon siyati. Siyati sa a ka siyati papa l oubyen siyati manman l. Gendwa tou se yon siyati konpoze avèk siyati tou de paran yo. Yon timoun pa dwe janm gen plis pase de siyati.

Rezidans fanmi an

Rezidans fanmi an se kote oumenm ak fanmi ou chwazi pou nou abite. Rezidans sa a ansanm ak mèm ki sèvi fanmi an gen yon pwoteksyon espesyal si nou marye oubyen si nou nan inyon sivil. Konsa, si se lwe nou lwe rezidans sa a, yon konpay p ap ka soulwe li ba yon lòt moun oubyen sede oubyen anile kontra lwaye kay la san konsantman lòt konpay la, menmsi li te siyen bay la pou kont li, depi li te bay mèt kay la yon « avi rezidans fanmi an ». Menm jan an tou, si se yon rezidans yo achte, konpay la p ap ka vann li, lwe li oubyen ipoteke li sans konsantman lòt konpay la menmsi se li ki te achte li depi yo te fè yon « deklarasyon rezidans fanmi an » nan rejis fonsye a.

KLIP : Li entèdi pou moun refize lwe moun kay pou yo abite si rezon an se diskriminasyon tankou ras, koulè, sèks, relijyon, orijin etnik oswa kondisyon sosyal. Charte dwa ak libète moun (Charte des droits et libertés de la personne) nan klè sou sa.

Separasyon

Nou vle separe, divòse, oubyen mete fen nan inyon sivil nou an devan tribinal ? Si separasyon an ap fèt nan tèt ansanm, nou ka depoze yon pwojè akò nan tribinal. Men sizanka nou pa ta antann nou, nou ka pran avoka ki espesyalis nan dwa sou maryaj oubyen espesyalis nan medyasyon lafanmi.

Lè relasyon an fini, ou konsève otorite ou kòm paran epi ou oblije kontribye nan bay pitit ou swen ak edikasyon, kit li sou kont ou kit li pa sou kont ou. Manman, papa, se dwa nou e se devwa nou pou nou pran pitit nou sou kont nou, ba yo edikasyon, veye sou yo epi pran swen yo.

KLIP : Gen divès òganis, kit yo nan gouvènman an, kit yo pa ladan l, ki ka ede nou, konseye nou nan ka yon separasyon oubyen yon divòs. Plizyè moun k ap travay nan òganis sa yo dwe kenbe sekre pwofesyonèl. Sa vle di ou ka rakonte yo tout bagay an sekre.

Medyasyon ant lafanmi an : fè yon bon chwa

Medyasyon ant lafanmi an se yon mwayen pou rezoud konfli. Medyatè a va ede nou negosye yon antant ki anfavè nou toulede. Konpay ki gen timoun ap resevwa sis seyans gratis.

Sonje gen divès sitiyasyon kote, an jeneralman, medyasyon ant fanmi pa apwopriye, tankou lè nou ap viv yon sitiyasyon vyolans konjigal.

KLIP : Si lajan nou pa pèmèt nou peye yon avoka, nou ka fè yon demann pou nou resevwa èd avoka. Lè sa a n ap gen sèvis yon avoka pou yon ti monnen oubyen gratis.

SEPARASYON PANDAN YON PWOSIS IMIGRASYON : KI LWA KI GEN PRIYORITE ?

- Si yon maryaj oubyen yon inyon te fèt aletranje, otorite ka ban nou yon separasyon de kò, yon divòs, oubyen ka anile yon inyon sivil lè kondisyon Kòd sivil la sou domisil de konpay yo ranpli, epi si youn nan de moun yo abite o Québec. Men, gen kèk peyi ki p ap rekonèt jijman yo pwononse Québec la.
- Si de moun te marye nan yon peyi kote lalwa entèdi yo divòse oubyen yo entèdi pou fanm mande divòs, yo ka fè yon demann divòs kanmèm devan yon tribinal Kebekwa. Se lwa Québec ak lwa Kanada k ap dirije divòs la. Lwa sa a pa fè diferans ant gason ak fanm.
- Si de moun marye aletranje epi yo pase plizyè ane ap viv Québec se lwa Québec y ap aplike pou konnen ki moun k ap pran timoun yo si ta gen separasyon. Gen kèk peyi ki ka pa rekonèt yon jijman tribinal Québec ta rann sou ki moun y ap bay timoun yo.
- Yon moun ki benefisyè parenaj konpay li, ka pèdi dwa rezidans pèmanan li si li separe ak parenn nan. Wi, depi 25 oktòb 2012, Citoyenneté et Immigration Canada poze yon kondisyon pou li bay konpay ki benefisyè parenaj tounèf yo rezidans pèmanan (relasyon anba 2 zan, ki pa gen timoun enplike). Non respè kondisyon sa a ka mennen yo retire rezidans pèmanan an nan ka kote inyon ki te bay benefisyè parenaj la chans imigre a kraze avan 2 zan. Pou plis enfòmasyon sou sijè sa a, konsilte Citoyenneté et Immigration Canada.
- Yon benefisyè parenaj se yon moun yon parenn angaje li pou pran li anchaj pandan yon peryòd detèmine, peryòd la ka varye selon lyen fanmitay yo oubyen pwogram nan. Angajman parenn nan pèmèt moun nan imigre. Men tou, moun ki fenk vini an dwe respekte kondisyon ki atache ak rezidans pèmanan an pou li ka kenbe estati li.

Moun ki anchaj timoun yo

Nou ka decide ki moun k ap pran timoun yo an chaj, nan tèt ansanm. Men si gen konfli se tribinal ki va tranche. Y ap pran desizyon sa a selon sa yo wè ki nan enterè timoun nan, sou tout pwen : entèlektyèl, emotif, materyèl... jij la kapab chwazi pou nou toulede responsab timoun yo selon yon seri kondisyon ki ka varye, si dapre li nou toulede sanble nou ka fè sa epi si gen bon kominikasyon antre nou.

Epitou, paran pa ka mete baryè nan relasyon ant timoun yo ak gran paran yo, anwetan pou rezon grav.

Pansyon alimentantè pou timoun

Toulede paran yo oblije okipe bezwen materyèl timoun nan. Dapre prensip sa a, youn nan paran yo ka oblije bay paran ki gen gad timoun nan yon pansyon alimentantè. Yo va tabli pansyon an selon valè timoun paran yo te fè ansanm, valè kòb yo touche, ansanm ak valè tan timoun nan fè avèk yo.

Depi pa gen eksepsyon yo ajiste kantite lajan pansyon an chak ane. Revenu Québec touche pansyon alimentantè yo epi apre sa li vèse yo bay moun ki dwe resevwa pansyon an. Li posib pou se pa mòd pèsèpsyon sa a ki aplike, si toulede moun yo mete ansanm pou fè yon demann pou sa.

Obligasyon pansyon alimentantè pou youn ou lòt nan konpay yo

Youn nan konpay yo ka oblije vèse pansyon alimentantè bay lòt konpay la. An jeneral, yo gade pansyon sa a kòm yon èd pou yon ti moso tan, pou pèmèt lòt moun nan reyòganize lavi li. Chak ka espesyal. Moun ki nan inyon lib yo pa gen okenn obligasyon pou yo bay lòt konpay la pansyon alimentantè.



Pou plis enfòmasyon

Règ jeneral pou aplikasyon dwa Kebekwa :
Kontakte Ministère de la Justice nan : 418 643-5140
oubyen, gratis : 1 866 536-5140.

Imel : informations@justice.gouv.qc.ca

Éducaloi : www.educaloi.qc.ca

Medyasyon pou lafanmi :

www.justice.gouv.qc.ca/FRANCAIS/publications/generale/mediation.htm.

Separasyon inyon :

Nou ka li sou entènèt gid ki rele *Quand un couple se sépare*
(www.separation-divorce.info.gouv.qc.ca/fr/index.asp).

Pou nou jwenn sèvis jiridik

Nou ka kominike dirèkteman ak yon avoka oubyen kèk notè :
Barreau du Québec : 1 800 361-8495 ;
Chambre des notaires : 1 800 263-1793.

Èd jiridik :

- Komisyon pou sèvis jiridik
(Commission des services juridiques) : 514 873-3562 ;
- Sant kominotè jiridik Montréal
(Centre communautaire juridique de Montréal) :
514 864-2111 ;
- Sant Kominotè jiridik Québec
(Centre communautaire juridique de Québec) :
418 627-4019 ;
- Tyeke sit Wèb Komisyon sèvis jiridik yo (www.csj.qc.ca),
seksyon Pou jwenn nou / Biwo èd jiridik, oubyen paj ble
yo nan boten telefòn (gouvènman Québec) nan pou n
konnen ki biwo ki pi pre lakay nou.

Komisyon dwa moun ak dwa jenn moun (Commission
des droits de la personne et des droits de la jeunesse) :
514 873-5146, oubyen nimewo gratis : 1 800 361-6477.



EGALITE NAN TRAVAY AK NAN BIZNIS

Québec tabli regleman sevè pou li ka pèmèt yo trete tout moun k ap travay menm jan, san paspouki. Li adopte divès dispozisyon — se dispozisyon ki bay moun plis avantaj sou tout kontinan an — pou li ede papa ak manman amonize vi nan fanmi yo ak vi pwofesyonèl yo pi byen.

KLIP : Fanm yo reprezante prèske mwatye nan popilasyon Québec la (47,3 % an 2012). Pousantaj aktivite fanm yo ogmante anpil depi dènye deseni yo. An 2012, li te grenpe jiska 82,4 % kay manman kebekwaz timoun ki gen mwens pase 16 lane yo, an konparezon ak sèlman 35,3 % an 1976. Sou kesyon pousantaj aktivite a, an pasan, Kebekwaz yo rive bab pou bab epi depase medam Ontario ak Canada yo (nan lòd, youn apre lòt 78,1 % e 78,3 % an 2012). (Sous : Statistique Canada, Baz done CANSIM yo, Tableau 282-0211, Konpilasyon Sekretarya sitiyaasyon fanm (Secrétariat à la condition féminine), 2013).

KLIP : Plis pase detyè koup kebekwa (tankou fanm laj soti 25 pou rive 54 rekòt kafe) ki gen timoun mwens pase si zan gen de revni travay, yon pousantaj ki pi plis pase pa Ontario a epi pa Canada a. An 2012, pousantaj sa a te grenpe jiska 71,1 % o Québec kont 66,2 % an Ontario e 66 % o Canada. (Sous : Statistique Canada, Ankèt nan popilasyon aktiv la (Enquête sur la population active), Konpilasyon espasyal pou Enstiti estatistik Québec (Institut de la statistique du Québec), 2013).

Salè : trete tout moun menm jan san paspouki

Tout anplwayè dwe respekte de gran prensip pou yo tabli salè anplwaye yo.

- *Pou menm travay, menm salè.* Fanm ak gason ki gen menm kalifikasyon ak menm eksperyans resevwa menm salè, nan menm kondisyon pou yo fè menm kalite travay la.
- *Pou tout travay ki marasa, menm salè.* Sa pa gen lontan, gen plizyè aspè nan travay fanm fè, ki pa te janm kontabilize ale wè pou yo ta fikse yon salè pou yo. Pou chanje sitiyaasyon an, Québec entwodui yon prensip salè san paspouki. Kounye a, anplwayè yo dwe bay menm salè pa sèlman pou menm travay, men tou pou travay ki vo menm bagay. Pou sa ka fèt, patwon yo dwe konpare kategori travay kote gen plis fanm ak kategori travay kote gen plis gason dapre yon seri kritè yo tabli pou sa. Si pou travay ki vo menm bagay la, konparezon an montre salè yo pa menm, yo dwe korije sitiyaasyon an. Yo dwe aplike (Lwa sou salè san paspouki a (Loi sur l'équité salariale) nan tout antrepriz ki gen omwen dis moun ki resevwa yon salè.

Kondisyon nan travay : ki minimòm yo egzije

Yo adopte divès lejislasyon pou yo ka garanti pwoteksyon tout moun k ap travay nan Québec la. Lwa sou prensip travay yo (Loi sur les normes du travail) fikse tout kondisyon minimòm ki dwe aplike, kèlkanswa estati w nan travay w ap fè a : pèmanan, tanporè oubyen ti mòso tan.

Regleman sa yo vo tou pou tout imigran kèlkanswa estati li : travayè tanporè, refijye, k ap tann estati yo oubyen yon moun yo fè demann rezidans pou li.

Pou moun ki nan sendika, se yon konvansyon kolektiv ki fikse kondisyon travay yo. Okenn konvansyon kolektiv pa ka dezobeyi dispozisyon ki nan Lwa sou regleman travay yo (Loi sur les normes du travail).

Kote n ap travay la : entegrite ak respè

Toulejou, tout anplwaye dwe travay nan yon bon klima, kote pa gen anyen ditou k ap tilandeng yo.

KLIP : Komisyon pou regleman travay yo (Commission des normes du travail) resevwa plent anplwaye yo. Rezon pou plent yo varye anpil : salè yo kenbe oubyen yo sezi, reglemankont, sispansyon oswa revokasyon san jistifikasyon, eksetera. Komisyon dwa moun ak dwa jenn moun (Commission des droits de la personne et des droits de la jeunesse) ka resevwa plent tou, lè yo kwè patwon an vyole kèk dispozisyon nan Charte dwa ak libète moun (Charte des droits et libertés de la personne).



PWOGRAM POU FÈ GEN EGALITE NAN TRAVAY

Rekonèt yon dwa se youn. Rive fè yo mete li an pratik nan jan òganizasyon ak fonksyonman enstitisyon ak antrepriz yo dwe mache se yon lòt bagay. O Québec, yo mande tout anplwayè yo adopte yon pwogram pou fè gen egalite nan travay la depi sityasyon nan antrepriz la mande sa. Jan sa prevwa nan Charte dwa ak libète moun (Charte des droits et libertés de la personne), yon pwogram kon sa « dwe korije sityasyon moun ki fè pati gwoup k ap sibi diskriminasyon nan travay kou nan sektè edikasyon oubyen nan sektè sante ak nan tout lòt sèvis yo konn abitye ofri piblik la » (chapit C-12, atik 86).

Amoni ant travay ak fanmi : yon « estati espesyal » pou paran yo

Ou panse ou sibi diskriminasyon nan travay ou paske w se paran ? Ou dwe konnen anplwayè ou pa ka pran pretèks ou se paran pou li limite aksè ou nan travay, nan fòmasyon pou travay ak nan posiblite pou ou jwenn pwomosyon. Yon dispozisyon kont pratik ilegal konsènan responsabilite fanmitay yo deja egziste nan lwa sou nòm travay yo. Endistri travay yo gen devwa pou yo ofri bonjan kondisyon ki fasilite lavi a nan zafè konsilyasyon travay-fanmi.

Sèvis gadri

Pou Québec kore paran yo, li kreye yon rezo sèvis gadri edikatif pou timoun. Sant pou timoun yo (CPE), responsab sèvis gadri nan fanmi yo ak gadri yo ofri divès sèvis sibvansyone. Men, gen kèk nan gadri fanmitay ak gadri yo ki pa sibvansyone.

Sèvis gadri pou timoun yo la pou timoun piti, depi yo fenk fèt jouk yo gen dwa antre nan matènèl. Fè demann ou san pèdi tan, depi ou konnen w ap bezwen sèvis gadri, paske gen anpil demann. Pi bonè se granmaten !

- Tarif sèvis gadri kontribisyon redui a se 7,00 \$ pa jou pou chak timoun.
- Si pitit ou a ap frekante yon klas ki vin avan klas matènèl oubyen primè nan yon lekòl sektè piblik la, sèvis gadri nan lekòl li a ap aladispozisyon li tou.
- Si w pa jwenn plas nan gadri ti pri yo, w ap resevwa yon kredi sou enpo ou. Sa ap diminye lajan gadri ou anpil. Pou sa, fòk ou genyen yon papyè ofisyèl sou konbyen lajan sa koute w oubyen yon resi moun ki ba w sèvis gadri a.

Konje yo

Pou fanm ansent yo

Ou ka absan nan travay ou, san salè pou yon egzamen ki an rapò ak gwosès ou lè se yon doktè oubyen yon fanm saj k ap fè l. Men fòk ou anonse anlwayè w sa pi bonè w kapab.

Yon lòt kote, si kote w ap travay la ta prezante yon danje pou ou oubyen pou ti bebe w pral fè a, se dwa w pou yo ba w fè yon lòt travay. Si sa pa posib, ou ka pran yon konje peye.

KLIP : Yon anlwayè pa fouti revoke yon fanm si motif la se ansent li ansent.

Pou manman ak pou papa

Rejim kebekwa pou asirans paran yo (Régime québécois d'assurance parentale) prevwa prestasyon finansye nan ka sila yo : konje matènite, konje patènite, konje tou de paran yo ka pataje. Kantite semèn prestasyon yo ka rive jiska 55 semèn, sa vle di 18 semèn konje matènite, 5 semèn konje patènite epi 32 semèn konje paran. Nenpòt nan de paran yo ka pran tout kantite semèn prestasyon pou paran yo oubyen tou yo ka fè yon antant pou yo pataje yo antre yo.

KLIP : Papa a tou gen pwòp konje pa li. Tankou non an di l la, konje patènite (twa oubyen senk semèn selon plan yo chwazi a) se konje papa. Si papa a pa itilize konje patènite a, li p ap ka pase l bay manman an.



Québec bezwen fanm antreprenè !

Antreprenarya fanm se yon levye kwasans enpòtan. Apò antreprenèz yo kapital pou devlope yon ekonomi fò epi divèsifye.

Pou ankouraje fanm yo antre nan biznis, gouvènman an mete kanpe yon rezo òganis pou kore antreprenarya fanm. Òganis sa yo, ki pote non « Femmessor », kouvri tout pwovens Kebèk la. Yo gen manda pou yo akonpaye fanm yo nan pwojè monte antrepriz yo, ba yo fòmasyon, finansman, entwodui yo nan aktivite zanmitay epi sèvi yo gid.

Anplis, nan plizyè rejyon, Rezo kebekwa pou kredi kominotè (Réseau québécois du crédit communautaire) ofri moun ki pa touche anpil kòb yo sipò ak kredi pou ti biznis.

« Plas fanm yo ap chèche se pa plas gason, jan kèk fo pwofèt t ap klewonnen l la, men se pwòp plas pa yo. Sa montre moun sa yo manke konprann ak konesans. »
Pawòl madanm Idola Saint-Jean an 1937.
Micheline Dumont ak Louise Toupin, *La pensée féministe au Québec*, Éditions du remue-ménage, 2003.

Québec la chaje ak fanm dafè konpetan. Yo prezan toupatou nan sosyete a, yo enpoze yo ak dinamis epi kreyativite yo. Si ou gen pwojè pati pwòp biznis ou, kominike avèk « Femmessor » nan rejyon kote ou abite a, oubyen konsilte youn nan lòt patnè ki mansyonnen nan fen chapit sa a.

Pou plis enfòmasyon

Gen anons pou travay nan adrès :
www.placement.emploi.quebec.gouv.qc.ca/mbe/login/portail/portcherc.asp.

Sèvis èd pou travay :
www.emploi.quebec.gouv.qc.ca/citoyens/trouver-un-emploi/services-daide-a-lemploi.

Emploi-Québec ofri yon seri sèvis bay tout moun k ap chèche travay pou li ka ede yo antre sou mache travay la oubyen tou pou yo kenbe travay yo genyen an. Sèvis enfòmasyon yo bay enfòmasyon sou posiblite travay, fòmasyon ak sou sektè aktivite ekonomik yo. Se sant travay lokal yo ki ofri sèvis sa yo toupatou o Québec.

Pou ou jwenn adrès ak telefòn sant lokal travay ki pi pre kay ou, rele nan 418 643-4721 oubyen nan 1 888 643-4721, gratis.
www.mess.gouv.qc.ca/services-en-ligne/centres-locaux-emploi/localisateur.



Pou plis enfòmasyon

Dwa anplwaye :

- Komisyon pou dwa moun ak pou dwa jenn moun (Commission des droits de la personne et des droits de la jeunesse) :
514 873-5146 oubyen, gratis, 1 800 361-6477
www.cdpedj.qc.ca ;
- Komisyon pou regleman travay (Commission des normes du travail) :
514 873-7061 oubyen, gratis, 1 800 265-1414
www.cnt.gouv.qc.ca ;
- Komisyon pou salè san paspouki (Commission de l'équité salariale) :
Toupatou Québec (gratis) : 1 888 528-8765
Rejyon Québec : 418 528-8765
www.ces.gouv.qc.ca.

Antreprenarya :

Asosyasyon sant lokal pou devlopman Kebèk (Association des centres locaux de développement du Québec (CLD))

www.acldq.qc.ca

CLD yo akonpayen antreprenè yo, fanm kou gason nan chak etap nan lavi antrepriz yo, depi nan kòmansman jouk nan relèv la an pasan pa etap kwasans yo.

Sèvis Québec – Antrepriz (Services Québec – Entreprises)

www2.gouv.qc.ca/entreprises/portail/quebec

Fich sa a pèmèt ou senplifye demach ou yo nan Gouvènman Québec la pou ou kapab kreye epi jere antrepriz, konsa w ap ka konnen ki pwogram èd finansyè ki aplikab nan sityasyon pa w la.

Ministè Finans ak Ekonomi

(Ministère des Finances et de l'Économie)

www.economie.gouv.qc.ca/objectifs/informer/entrepreneuriat

Femmessor

www.femmessor.com

Rezo kebekwa pou kredi kominotè

(Réseau québécois du crédit communautaire)

www.rqcc.qc.ca

Enfòmasyon ak fòmasyon pou fè biznis ak Leta kebekwa e gran antrepriz prive yo :

Sekretarya Zafè kòb

(Secrétariat du Conseil du trésor)

www.tresor.gouv.qc.ca/faire-affaire-avec-letat/formation/entreprises

Rezo Fanm dafè Québec

(Réseau des Femmes d'affaires du Québec)

www.rfaq.ca/def

Lis sèvis gadri nan zòn ou an disponib nan adrès :

www.mfa.gouv.qc.ca/fr/services-de-garde/parents/localisateur/Pages/index.aspx.

Ransèyman sou kredi enpo pou frè gad timoun yo disponib sou sit intènèt Revenu Québec la :

www.revenuquebec.ca/fr/citoyen/credits/credit_enfant/default.aspx.

Ou ka telefone nan direksyon rejyonal Ministè Lafanmi.

- Direksyon rejyonal « Capitale-Nationale » e Ès Québec (Direction régionale de la Capitale-Nationale et de l'Est du Québec) :
418 644-6955 oubyen, gratis, 1 866 640-9919
- Direksyon rejyonal Sant ak Sid Québec (Direction régionale du Centre et du Sud du Québec) :
450 928-7676 ou, gratis, 1 866 640-9917
- Direksyon rejyonal Wès ak Nò Québec (Direction régionale de l'Ouest et du Nord du Québec) :
450 680-6525 oubyen, gratis, 1 866 640-9918
- Direksyon rejyonal Montréal (Direction régionale de Montréal) :
514 873-7200.



EGALITE NAN SÈVIS SANTE

Ou gen yon pwoblèm sante e ou vle wè ak yon doktè ?
Ou gen yon moun nan fanmi w ki sibi yon aksidan ? Ou bezwen èd pou pitit ou oubyen pou yon paran ki antre nan laj ? Tout moun san distenksyon gen aksè nan sèvis sante. Depi yo sèten yon moun rezide nan Québec la (dapre kritè lwa an vigè yo), li gen dwa pou li resevwa sèvis sante yo.

Sèvis sa yo fòme yon sektè ki sansib, paske yo ann afè ak moun ki nan yon sitiyasyon kote moun ka fè yo ditò. Pèsonèl sèvis sante yo fè tout sa yo kapab pou yo trete tout moun ak respè e diyite nan egalite total.

Ki dwa fondamantal yo rekonèt?

Pami dwa yo rekonèt yo, gen dwa pou yon moun chwazi pwofesyonèl ki pou ba li tèl sèvis oubyen pou li chwazi tèl etablisman pito pase tèl lòt. Depi sa posib epi depi sa pa mete sante lòt pasyan yo an danje, yo va fè jefò pou yo satisfè mòd demann sa yo.

Lè moun ap egzèse dwa sa a, yo dwe konsidere divès kontrent administrasyon an tankou orè travay etablisman yo, òganizasyon entèn yo, efikasite yo, kantite anplwaye yo genyen, resous materyèl ak resous finansye, eksetera. An pratik, sa vle di yon pasyan ka mande pou se tèl moun oubyen tèl pwofesyonèl menm sèks avèk li ki egzamine li, trete li oubyen swanye li, men li pa ka fè pyès egzijans pou sa.

PASKE W PA SÈLMAN YON PASYAN...

Se dwa tout moun ki rezide Québec pou yo :

- jwenn enfòmasyon sou sèvis ak resous ki disponib nan zòn li abite a ansanm ak kondisyon pou li jwenn sèvis ak resous sa yo ;
- resevwa sèvis sante ak sèvis sosyal ki sifi pou li, nan nivo syantifik, imen ak sosyal, san rete, selon pwòp bezwen pa li, nan sekirite epi selon resous ki disponib ;
- chwazi pwofesyonèl ak etablisman yo vle (al gade pi wo) ;
- resevwa swen yo bezwen lè lavi yo oswa entegrite fizik yo an danje ;
- resevwa enfòmasyon sou eta yo dekwa, depi sa posib, pou yo konnen ki divès opsyon medikal yo genyen, ki danje ak konsekans chak opsyon sa yo genyen avan yo asepte resevwa swen yo ;

- patisipe nan tout desizyon ki afekte sante yo osnon byennèt yo ;
- ka chwazi yon moun ki pou ede yo epi akonpaye yo lè yo vle jwenn enfòmasyon oubyen lè yo vle fè yon demach pou tèl sèvis.

Se dwa tout moun pou dosye yo rete sekre epi pou moun ki konnen dosye yo, respekte sekre pwofesyonèl.

Epi, anwetan kèk sitiyasyon espesyal, yo pa ka fòse okenn moun resevwa swen san konsantman li, kèlkanswa swen an : egzamen, prelevman, tretman oubyen nenpòt lòt entèvansyon.

KLIP : DELÈ POU RETE TANN

Pandan yon peryòd ki dire twa mwa pou pi plis, moun ki fèk rive Québec pa gen asirans maladi; se sa yo rele delè rete tann nan. Moun ki fenk vini an dwe, kou li rive, enskri li nan Régie de l'assurance maladie du Québec pou li pa koze reta nan tretman pou detèmine si demann li an admisib. Régie de l'assurance maladie du Québec ap enfòmè ou si delè rete tann nan pa aplikab nan ka pa ou oubyen nan ka yon manm fanmi ou.



KLIP : DOSYE MEDIKAL, SEKRÈ TOTAL

Depi yon moun gen 14 lane, li gen dwa pou l egzamine dosye medikal li. Li gen dwa tou pou enfòmasyon li rete sekre. Lè li nan laj sa a, an jeneral, li ka bay pwòp konsantman pa li pou li resevwa swen. Si eta li ta egzije li pase plis pase douzè nan yon etablisman sante oubyen nan yon etablisman sèvis sosyal, yo dwe enfòmè paran oswa responsab legal li a.

« Viray nan sosyete a »

Wòl fanmi ak wòl paran vin pi enpòtan nan ane ki sot pase la yo nan sèvis sante yo. Kounye a yo mete aksan sou sipò anndan fanmi an. Sa vle di yo toujou konsidere entènè moun nan tankou yon solisyon tanporè oubyen kòm dènye solisyon posib. Sou plan imen, chanjman sa a se yon gwo pwogrè pou moun ki konsène yo. Men sa vin lakòz anpil fanm gen twòp travay pou yo fè.

Planin nesans ak avòtman

Sèvis planin mete aksan sou respè chwa pèsonèl moun yo, soti nan pwoteksyon kont gwosès ale nan desizyon pou yo fè pitit. Se menm bagay la tou pou peryòd gwosès la jiskaske moun nan akouche. Kit ou chwazi yon kay pou akouchman oubyen yon lopital, kit ou chwazi yon fanm saj oubyen yon doktè, papa ak manman, n ap ansanm pou nou viv tout etap yon peryòd cho tankou peryòd kote ti pitit nou an pral fèt.

Avòtman volontè (IVG) sou demann se yon bagay ki legal ni o Québec ni toupatou o Canada. Lakou siprèm Canada (Cour suprême du Canada) te konfime sa nan yon vèdik ki vin popilè depi lè sa a (zafè Chantale Daigle la), sètadi desizyon final pou chwazi wi ou non si yon fanm ansent dwe kenbe yon gwosès jouk li akouche, se desizyon pa fanm nan sèlman. Pou IVG, dwa pou yo respekte entegrite fizik li ansanm ak regleman sou konsantman pou resevwa swen yo an vigè tou, menm jan ak nan tout lòt sèvis sante.

« Lè tout bagay ap mache byen pou fanm yo, se tout sosyete a ki pwofite de sa epi jenn jenerasyon yo demare pi byen nan lavi a. » Pawòl mesye Kofi Annan, *Les 100 citations de Kofi Annan*, jou ki 8 mas 2003.

Pou plis enfòmasyon

Òganizasyon sèvis yo epi domèn sante an jeneral :
www.msss.gouv.qc.ca.

Pou yon konsiltasyon, yon egzamen oubyen yon ijans :

- Info-Santé, nan nimewo 811 ;
- Sant sante ak sèvis sosyal ki pi pre lakay nou ;
- Doktè oubyen klinik medika ;
- Sèvis ijans lopital, si sitiyasyon an mande sa (konpoze 911).

EGALITE POU SEKIRITE AK ENTEGRITE MOUN

Depi plizyè ane, enstitisyon piblik yo ansanm ak anpil gwoup sosyal miltipliye jefò pou yo lite ak efikasite kont tout fòm vyolans. Yo deplwaye jefò espesyal pou yo anpeche vyolans kont fanm, sitou vyolans konjigal, agresyon seksyèl ak esplwatasyon seksyèl.

Respè entegrite fizik se yon dwa fondamatal Charte dwa ak libète moun (Charte des droits et libertés de la personne) garanti. Men pou yo aplike dwa sa a kòm sadwa toupatou ak nan tout sikonstans nan lavi a — epi pou tout sitwayen, san pyès distenksyon — sa nesèsè pou tout sosyete a mobilize. Se nan tèt ansanm, fanm ak gason Québec dwe bati yon sosyete san vyolans.

« Sa pa sifi pou nou denonse divès fòm agresyon kont fanm yo; fòk nou mete rapò sosyal ki sèvi kòm baz pou agresyon yo an kòz. » Konsèy pou estati fanm (Conseil du statut de la femme), *Pour les Québécoises, Égalité et indépendance*, 1978, paj 126-127.

Vyolans konjigal

Vyolans konjigal la pa akseptab, li souvan kriminel. Li rive nan yon relasyon damou ki egziste oswa ki te egziste. Li ka rive ant de konpay ki majè oubyen nan yon relasyon ant jenn moun.

Vyolans konjigal pa menm ak yon senp diskisyon oubyen yon konfli ant de konpay. Li enstale kò li oframezi epi pafwa li antre an chatpent. Li parèt sou fòm yon seri aksyon moun nan fè plizyè fwa epi ki vin debouche sou plis vyolans : menas, pawòl pou imilye moun nan, pale moun nan mal, kraponnen li epi joure li. Yo ka eseye izole moun nan tou, siveye li san rezon, kontwole depasman li, men tou yo konn itilize fòs tou : yo frape li, voye bagay sou li, fòse li fè sèks san li pa vle.

Vyolans konjigal la se pa rezilta yon moun ki pèdi kontwòl li ; okontrè, se pito youn nan konpay yo ki pran kontwòl lòt la. Se yon mwayen dominasyon.

Si w sibi vyolans konjigal, gen plizyè sèvis ki la pou ede ou. Epitou, si w ta temwen yon sitiyasyon vyolans konjigal, ou dwe rapòte sa bay lapolis, w ap konpoze 911. Polis yo resevwa fòmasyon pou yo kontwole sitiyasyon sa yo, pwoteje viktim yo epi mennen yo yon kote ki va ba yo pwoteksyon.

KLIP : An 2012, lapolis anrejistre plis pase 19 731 enfraksyon yo komèt sou moun nan yon kontèks konjigal. Sou chak dis viktim, uit ladan yo se fanm. (Sous : Ministère de la Sécurité publique, *Criminalité dans un contexte conjugal au Québec : faits saillants 2012.*)

Si w viktim vyolans konjigal epi ou ta deside kite konpay ou, ou pa pèdi dwa w pou sa. Gen divès dispozisyon yo prevwa tou pou ba ou sekirite ak pwoteksyon, tankou yon èd finansye si w ta gen bezwen epi posiblite pou ou anile kontra lwaye rezidansyèl ou a epi kite kay kote ou abite a san w pa peye penalite pou sa, sizanka pwòp sekirite w osnon pa pitit ou ta menase.

ÈD POU MOUN KI VIKTIM VYOLANS KONJIGAL

- Gen plizyè sèvis yo ofri nan tout rejyon Québec yo, espesyalman sèvis siko-sosyal yo, akonpayman pou zafè jistis ak sèvis entèprèt.
- Gen yon bann kote ki la pou akeyi e loje fanm ak pitit yo ki sibi vyolans konjigal.
- Sant sante yo ak sèvis sosyal yo ofri yon pakèt sèvis bay ni moun ki sibi vyolans konjigal, ni pitit yo vyolans lan konn menase tou.
- Sant pou ede viktim zak kriminel yo ofri sèvis gratis e konfidansyèl, sitou akonpayman pou afè jistis pandan tout pwosesis la. Yo ofri enfòmasyon sou dwa ak aksyon an jistis yon viktim zak kriminel ka antreprann, kit se sou pwogram endamnizasyon pou viktim yo, INFOVAC-Plus, oubyen sou dedomajman yo ka gen dwa.
- Gen sèvis ki la pou moun ki gen konpòtman vyolan tou paske yo menm tou yo bezwen èd.
- SOS vyolans konjigal (SOS Violence conjugale) se yon sèvis pa telefòn ki gratis, li konfidansyèl, li anonim e li espesyalize nan zafè vyolans konjigal pou viktim yo, moun ki pwòch viktim yo oubyen kèk nan temwen yo. Nimewo a se 1 800 363 9010. SOS vyolans konjigal ofri tou divès sèvis akèy, sèvis evalyasyon, enfòmasyon, sansibilizasyon, sipò ak referans.
- Yon moun yo aplike pou rezidans pou li epi ki sibi vyolans konjigal gen kote pou li jwenn èd. Ajan imigrasyon yo ka founi enfòmasyon yo bezwen sou koze sa a.
- Gen sis bwochi pou moun k ap viv nan yon anviwònman kote li fasil pou li viktim vyolans konjigal. Yo disponib nan seksyon Publications du site Internet du Secrétariat à la condition féminine. Yo fèt pou :
 - granmoun fanm yo,
 - fanm andikape yo,
 - fanm imigran k ap viv ak yon estati ensèten yo,
 - fanm imigran oubyen fanm ki soti nan yon konimote etnokiltirèl yo,
 - moun madivinèz, masisi, biseksyèl, transseksyèl oubyen « transgenres » yo,
 - gason ki viktim vyolans konjigal yo.

Bwochi yo disponib nan plizyè lang, gen diferan adaptasyon pou fanm andikape e yo sou divès sipò.

Agresyon seksyèl

Agresyon seksyèl se yon jès ki gen rapò ak sèks, kit gen kontak fizik kit pa gen kontak fizik, yon moun ta komèt san konsantman moun li vize a oubyen nan sèvi ak manipilasyon santiman moun nan oubyen chantaj. Se yon zak kote yon moun fè yon lòt tounen esklav anvi li ak fòs oubyen ak kontrent oubyen ak menas, kit menas la klè kit li degize.

Li kapab vyòl, abi seksyèl, kontak seksyèl, ensès, pwostitisyon epi pònografi ak timoun. Jès sa yo jeneralman se zak kriminèl. O Québec epi nan lemond antye, se fanm ak timoun ki plis viktim de yo.

KLIP : An 2012, lapolis Québec anrejistre plis pase 5273 enfraksyon seksyèl, 3856 nan yo se agresyon seksyèl. Estatistik sa a pa konsidere tout enfraksyon ki gen rapò ak sèks. Li pa note paregzanp, krim pònografi ak timoun epi sa ki gen rapò ak pwostitisyon (egzanp : makrèl ak gason tchoul yo). (Sous : Ministère de la Sécurité publique, *Infractions sexuelles au Québec : faits saillants 2012.*)

Deplizanpli, popilasyon an ap konprann agresyon seksyèl yo se zak kriminèl epi se zak pyès moun pa dwe asepte. Met sou sa, li konnen polisye yo konnen pou yo fè entèvansyon kòm sadwa nan sitiyasyon sa yo.

Agresyon seksyèl gen move konsekans sou sante viktim yo, devlopman yo ak byennèt yo. Si w ap sibi oubyen te sibi yon agresyon seksyèl, menm si gen yon lyen afeksyon, yon lyen konfyans oubyen yon relasyon otorite ant oumenm ak moun ki agrese w la, pa ezite denonse krim sa a. Rele nan 911 pou ou mande sekou lapolis.



ÈD POU VIKTIM AGRESYON SEKSYÈL YO

Yo ofri plizyè sèvis nan tout Québec la pou moun majè ak timoun ki sibi agresyon seksyèl. Sant sante yo ak sèvis sosyal ki pre kay ou ofri kèk sèvis yo menm epi yo ka voye viktim yo al kote sèvis ki la pou sa yo, si sa nesèsè.

Gen yon sèvis referans pa telefòn, li gratis, bileng e konfidansyèl, bi li se oryante viktim agresyon seksyèl yo, moun ki pwòch yo ak entèvenant yo nan divès sèvis ki apwopriye pou yo e ki disponib nan tout Québec la, kèlkanswa lè a nan 1 888 933-9007.

Sant ki ede viktim zak kriminel (Centres d'aide aux victimes d'actes criminels) (CAVAC) ak sant pou èd epi pou lit kont agresyon ki an rapò ak sèks (Centres d'aide et de lutte contre les agressions à caractère sexuel) (CALACS) ka bay èd ak enfòmasyon ki nesèsè pou moun ki sibi agresyon seksyèl.

Pou plis enfòmasyon sou lalwa ak jan jistis la mache nan ka agresyon seksyèl, kominike ak CAVAC nan rejyon ou abite a.

Gen twa depliyen sou agresyon seksyèl ki prepare pou popilasyon an an jeneral, pou moun andikape ak granmoun. Yo disponib nan Publications du site Internet du Secrétariat à la condition féminine.

KLIP : Nan Canada, Kòd kriminèl la entèdi pou moun rache mòso nan pati entim yon moun tankou koupe klitoris yon fi oswa koud pati jenital li. Pa gen okenn motif ki ka esplike mòd pratik sa yo. Sant sante yo ak sèvis sosyal yo ofri èd bay moun ki ta bezwen èd.

Pou plis enfòmasyon

Pou ijans oubyen pou yo mande tèl sèvis ou ka rele :

- Lapolis nan nimewo 911 ;
- À cœur d'homme, yon sèvis èd pou konpay ki gen konpòtman vyolan : 418 660-7799 ;
- Asosyasyon kebekwaz Plaidoyer-Victimes (Association québécoise Plaidoyer-Victimes) : 514 526-9037 ;
- Federasyon resous pou ebèje fanm ki sibi vyolans ak difikilte nan Québec (Fédération de ressources d'hébergement pour femmes violentées et en difficulté du Québec) : 514 878-9757 ;
- Direktè pwoteksyon jenn moun nan rejyon kote w abite a. Telefòn ak sitwèb yo disponib nan adrès sa a : www.acjq.qc.ca/?49342FCD-412C-4510-A649-2CB8A3E345CF ;

- Sant èd pou viktim zak kriminèl (Centre d'aide aux victimes d'actes criminels) (CAVAC) rejyon ou abite a : 1 866 532-2822 ;
- Sant sante ak sèvis sosyal ki pre lakay ou ;
- Liy telefòn pou tandè, enfòmè, oryante viktim agresyon seksyèl yo : 1 888 933-9007 (gratis) ;
- Regwoupman sant dakèy pou fanm ki viktim agresyon konjigal yo (Regroupement des maisons pour femmes victimes de violence conjugale) : 514 878-9134 ;
- Regwoupman kebekwa sant pou èd ak lit kont agresyon ki gen rapò ak sèks (Regroupement québécois des centres d'aide et de lutte contre les agressions à caractère sexuel) (RQCALACS) : 514 529-5252 ;
- SOS vyolans konjigal (SOS Violence conjugale), sèvis telefòn konfidansyèl : 1 800 363-9010.

PATISIPASYON NAN LAVI PIBLIK

Sosyete kebekwaz la envite tout manm li yo pou yo patisipe nan lavi kominote yo : yo ka okipe yon pòs politik, kit se onivo lokal, rejyonal oubyen nasyonal, yo ka vin manm yon òganis kominotè oubyen yon òganis kote youn ap ede lòt oubyen tou yo ka bay opinyon yo sou laplas piblik. Gason, fanm, nou tout gen menm dwa pou nou ale sou laplas piblik ak sou tout tribin Québec genyen pou nou ka fè tande vwa nou.

Baz demokrasi : vòt

Sistèm elektoral ki an vigè o Québec chita sou vòt inivèsèl. Vote se yon dwa pyès moun pa ka retire nan men w. Si w gen dizuit an epi w se sitwayen kanadyen, ou ka egzèse dwa vòt ou lib e libè epi an sekre. Vòt ou a enpòtan anpil anpil !

« ...Sa k fè mwen mande dwa vòt ak pouvwa vòt pou tout fanm se pou ouvri nouvo orizon pou tout sitwayen pwovens la epi pou nou bay fanm yo nouvo okazyon pou yo sèvi pwovens yo. » Mesye Adélard Godbout, premye minis Québec, Asanble lejislatif, jou ki 4 avril 1940.

KLIP : Charte dwa ak libète moun (Charte des droits et libertés de la personne) rekonèt dwa tout moun ki kalifye epi ki gen kapasite pou sa pou yo kandida lè gen eleksyon epi pou yo vote nan eleksyon sa yo. Epitou, Charte kanadyen dwa ak libète moun (Charte canadienne des droits et libertés) bay tout moun ki sitwayen kanadyen dwa pou yo vote, dwa pou yo patisipe nan eleksyon lejislativ federal ak eleksyon nan pwovens yo.

Angajman

Politik, finans, jistis : deplizanpli, gen plis fanm ki nan pozisyon ki gen gwo responsablite nan tout sektè nan lavi piblik Québec la. Objektif Québec se pou li gen yon reprezantasyon egal ant gason ak fanm nan tout palye desizyon onivo lokal rejonanl oubyen nasyonal.

Sosyete kebekwaz la mize sou egalite ant gason ak fanm tout kote y ap pran desizyon pou pwogrè kolektivite a, tankou nan konsèy etablisman nan lekòl yo, oubyen nan konsèy administrasyon sante yo. Kèlkeswa fòm ou chwazi a, patisipasyon w enpòtan anpil !

Patisipasyon kominotè

Ou ka fè pati yon òganis kominotè. Gen plizyè nan òganis sa yo k ap veye sou defans tout dwa : defans dwa fanm, defans dwa moun, devans gwoup ki pi fèb yo. Gen lòt òganis ki bay divès sèvis ki pou ede moun. Nou vle mete aksan sitou sou kokennchenn wòl òganis kominotè yo jwe pou imigran yo ak refijye yo.

Libète lapawòl

Medya kebekwa yo anpil epi an jeneral yo mete paj jounal oswa mikwo yo aladispozisyon popilasyon an. Québec ankouraje moun ki gen divès opinyon pou yo pale dekwa pou deba yo ka pi varye epi pou yo ka fè demokrasi vanse. Ou gen lapawòl. Opinyon w enpòtan !

Pou plis enfòmasyon

Eleksyon :

Direktè jeneral eleksyon Québec

(Directeur général des élections du Québec) :

Rejyon Québec : 418 528-0422

Toupatou nan Québec : 1 888 ÉLECTION (1 888 353-2846)

www.electionsquebec.qc.ca.

Eleksyon nan rezo edikasyon :

- Ministè Edikasyon, Lwazi ak Espò (Ministère de l'Éducation, du Loisir et du Sport) www.mels.gouv.qc.ca ;
- Komisyon eskolè rejyon w lan.

Eleksyon nan rezo sante ak nan sèvis sosyal :

- Ministè Sante ak Sèvis sosyal (Ministère de la Santé et des Services sociaux) www.msss.gouv.qc.ca ;
- Ajans sante ak sèvis sosyal rejyon w lan.

Eleksyon minisipal : Kontakte awondisman m lan.

Òganis kominotè :

- Sekretarya pou aksyon kominotè otonòm ak pou inisyativ sosyal (Secrétariat à l'action communautaire autonome et aux initiatives sociales) www.mess.gouv.qc.ca/sacais ;
- « Centraide » rejyon w lan.

Si w pa rive jwenn òganis gouvènman an w ap chèche a oubyen tou si w ta vle jwenn plis enfòmasyon sou lwa yo, pwogram ak sèvis gouvènman Québec la, kontakte Services Québec.

Rejyon Québec : 418 644-4545

Rejyon Montréal : 514 644-4545

Toupatou nan Québec la : 1 877 644-4545 (gratis)

Moun ki soud oubyen bèbè (ATS) gratis : 1 800 361-9596



KONTINYE VANSE SOU CHEMEN EGALITE

Sèn entènasyonal la souvan ap pran Québec an egzanp, men èske se vre li se yon paradi pou egalite ant fanm ak gason ?

Kebekwa ak kebekwaz yo gen rezon pou yo fyè dèske yo akonpli konkennchenn pwogrè depi revandikasyon premye fanm ki t ap goumen pou yo gen dwa pou yo vote. Si nou pran edikasyon paregzanp, gen plis fanm pase gason ki gen diplòm segondè, diplòm kolèj ak bakaloreya.

Nan inivèsite, kantite fanm k ap etidye ap ogmante nan yon seri disiplin tankou medsin, pwofesyon dantis ak dwa kote w te konn gen gason sèlman. An plis, jèn paran yo pwofite dispozisyon ki bay plis avantaj sou tout kontinan an ki pèmèt yo amonize vi fanmi yo ak vi pwofesyonèl yo.

Jèn yo reprezante yon bon barèm pou mezire tout chemen nou deja fè epi pou nou anvizaje etap nou rete pou nou franchi. Vrèman vre, nou pa dwe bliye, nan yon sityasyon mondyalizasyon ak chanjman enpòtan nan popilasyon an, konba pou egalite toujou pi enpòtan jodi a.

Se pou sa li enpòtan pou tout sitwayen mobilize pou nou rive atenn objektif sa a. Chak moun nan kote l ap viv, chak enstitisyon nan pwòp sektè aktivite li, ka poze aksyon ki gen anpil pwa anfavè egalite fanm ak gason. Sa se responsablite tout moun.

Fòk nou kontinye vanse dekwa pou tout moun ka gen menm kondisyon pou yo egzèse dwa yo nètalkole epi pou yo devlope kapasite yo. Gason ak fanm : menm dwa, menm devwa, menm responsablite, menm privilèj. Sosyete kebekwaz la bezwen enèji, entèlijans ak dinamis tout manm li yo san eksepsyon epi san pyès distenksyon.

Egalite e enstitisyon leta yo

Paske Québec konnen li gen yon wòl lidè nan kesyon egalite ant fanm ak gason, li kreye enstitisyon ki kore volonte pou li fè seksis fè bak isit ak lòt kote sou kèlkelanswa fòm nan.

Se nan lane 1979 Sekretarya pou kondisyon fanm (Secrétariat à la condition féminine) (SCF) te kreye pou ede e konseye minis ki responsab pou Kondisyon fanm (Condition féminine) nan, ki gen misyon pou fè kòdinasyon ak swivi aksyon gouvènman an nan kesyon egalite ant fanm ak gason, li gen misyon tou pou konseye gouvènman an nan fè Québec briye nan mitan lòt pwovens Kanadyen yo ak sou sèn entènasyonal la nan mete ansanm ak divès gwoup k ap travay, k ap fè rechèch nan nivo inivèsitè yo pou Québec ka rete pwogresis nan domèn sa a. Si nou bezwen enfòmasyon, ale sou sit : www.scf.gouv.qc.ca.

Yon lòt òganis ki sou kont minis Kondisyon fanm (Condition féminine) nan tou, se Konsèy pou estati fanm (Conseil du statut de la femme) (CSF), yon òganis ki la pou konsiltasyon ak rechèch depi lane 1973. Li angaje nan pwomosyon, defans dwa ak enterè tout Kebekwaz yo. Li konseye minis responsab la sou tout koze ki konsène fanm epi li bay fanm ak piblik la enfòmasyon yo bezwen. Pou plis enfòmasyon ale sou sit : www.csf.gouv.qc.ca.

**Secrétariat
à la condition
féminine**

Québec 